Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE OUVÈTI GRAN FWA ETA NOUYÒK 2026 LA

Seremon koupe riban sou Bilding FFA Nouyòk la pral ede konekte vizitè fwa yo ak agrikilti Nouyòk la, sipòte edikasyon agrikòl pou jèn yo

Envestisman an fè pati angajman Gouvènè a pou l devlope Gran Fwa Eta Nouyòk la, li te konsakre 119 milyon dola depi li te antre an fonksyon senk ane de sa

Mete aksan sou nouvo òf agrikòl ak sa ki retounen yo, soti nan nouvo ba pòmdetè rive nan ekspozisyon retou Holstein lan

Fwa Eta a kontinye rete yon espas abòdab pou fanmi yo ka 'Dekonekte, Soti Deyò'

Gouvènè Kathy Hochul te lanse Gran Fwa Eta Nouyòk (Great New York State Fair) 2026 la jodi a, pou selebre nouvo Bilding FFA a epi mete aksan sou yon seri nouvo òf ak ekspozisyon agrikòl ki deja egziste ki pral konekte davantaj moun ki ale nan fwa yo a ak agrikilti Nouyòk la. Gouvènè Hochul te koupe riban inogirasyon nouvo bilding FFA ki mezire 975 mèt kare (10,500 pye kare) a, ki pral ede devlope pwochen jenerasyon lidè agrikòl yo epi sipòte edikasyon agrikòl, yon priyorite pou Gouvènè a. Bilding FFA a fè pati yon envestisman 34.7 milyon dola nan enstalasyon agrikòl nan Tèren Fwa ak yon angajman 119 milyon dola pou amelyorasyon jeneral nan teren an depi lè li te antre an fonksyon senk ane de sa, an 2021. Fwa ane sa a ap dewoule soti 26 out rive lendi 7 septanm 2026, nan Jounen Travay (Labor Day) la, epi li kontinye rete fwa eta ki pi abòdab nan peyi a, epi yon espas pou fanmi yo 'Dekonekte, Soti Deyò.'

"Gen anpil bagay pou renmen nan Gran Fwa Eta Nouyòk la, epi nan baz li, se yon kote ki vrèman onore kominote agrikòl ekstrawòdinè Nouyòk la. Mwen fyè de envestisman nou te fè nan espas sa a ak nan tout Tèren Fwa pandan senk dènye ane yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pa ka panse ak yon pi bon fason pou lanse Gran Fwa Eta Nouyòk 2026 la pase selebre ouvèti yon nouvo Bilding FFA, ki pral pèmèt plis jèn moun aprann epi kontribye nan endistri enpòtan sa a pandan y ap bay moun ki nan fwa a opòtinite pou yo pwoche pi pre agrikilti. Pandan n ap ouvri baryè yo jodi a, mwen ankouraje vizitè ki soti tou pre ak byen lwen pou yo eksplore tout sa Gran Fwa Eta Nouyòk la gen pou l ofri."

Batiman FFA a

Batiman FFA Nouyòk la, ki sitiye nan fen ekstremite lwès Tèren Fwa a, se yon etablisman 10,500 pye kare ki gen yon gwo espas ekspozisyon pou etidyan FFA yo montre travay yo bay moun ki nan fwa a, epi ki gen ladan l adisyon zòn konferans ak plis ankò. Konstriksyon nouvo espas sa a apiye sou efò Gouvènè a pou sipòte Fwa a kòm yon vitrin agrikòl prensipal epi pou sipòte edikasyon agrikòl jèn yo. Gouvènè Hochul te ofisyèlman inogire bilding FFA a prentan pase a nan kad selebrasyon 100è anivèsè FFA Nouyòk la nan konvansyon anyèl li a, ki te fèt nan Tèren Fwa a.

Nouvo bilding lan fè pati yon pwojè 34.7 milyon dola pou amelyore enstalasyon agrikòl nan Teren Fwa nan Syracuse, ke Gouvènè a te anonse pou premye fwa an 2022. Anplis Batiman FFA a, amelyorasyon yo gen ladan yo tou yon nouvo espas ekspozisyon pou kabrit, ki te fini de ane pase, ansanm ak yon nouvo Etab pou Mouton ak yon Sant pou Lenn Mouton, yon nouvo etab pou chwal, toulede te fini ane pase. Bidjè Ane Fiskal 2026 la te prevwa 35 milyon dola anplis nan envestisman kapital nan Tèren Fwa a, ki gen ladan amelyorasyon sèn nan Chevy Court ak Suburban Park pou amelyore eksperyans amizman Fwa a pou moun ki nan konsè yo ak Sant Ekspozisyon an pou festival ak evènman mizik pandan tout ane a, ansanm ak yon pwojè renovasyon 3.7 milyon dola nan Ba Lèt la nan Batiman Pwodui Letye a. Nouvo pwojè a, ki prevwa pou fini pou Fwa 2027 la, pral gen ladan l yon nouvo aparans ak yon nouvo kote pou Ba Lèt la, ogmante sifas ekspozisyon an epi pèmèt enstalasyon nouvo ekipman dènye kri. Ansanm, bagay sa yo ap pèmèt pwodui debaz Fwa a depi lontan an bay lèt frèz, ansanm ak lèt blan ak lèt chokola, pandan tout 13 jou Fwa yo alavni.

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Nouvo Batiman FFA a ofri moun ki ale nan fwa yo yon chans pou yo aprann sou agrikilti ak anpil opòtinite karyè endistri nou an gen pou l ofri. Espas la ap bay vizitè yo chans pou yo konekte ak pwofesyonèl nan endistri a, angaje yo ak lòt jèn yo nan FFA, epi wè dirèkteman kijan jèn yo ka kontribye nan lavni agrikilti a. Mwen remèsye Gouvènè a pou angajman li anvè Fwa Eta Nouyòk la epi pou sipò li bay ekspozisyon agrikòl li yo ansanm ak tout atraksyon inik Fwa a, amizman enteresan yo, ak manje bon gou ki vrèman fè Gran Fwa Eta Nouyòk la vrèman ekstrawòdinè."

Direktris Fwa Eta a, Julie LaFave, te deklare, "Soti nan tradisyon tan lontan nou yo rive nan nouvo evènman ak atraksyon nou yo, Fwa Eta a vrèman ofri yon bagay pou tout moun. Nouvo bilding FFA nou an reprezante angajman nou anvè agrikilti epi li se jis youn nan anpil nouvo sit nan plizyè zòn diferan pou eksplore ane sa a sou teren fwa a. Ekip nou an te travay di pou bay pi gwo ak pi bon Fwa Eta a ane sa a epi nou kontan pou moun ki prale nan fwa a vin wè sa nou genyen pou 2026 la."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Fwa Eta Nouyòk la se youn nan pi bon selebrasyon agrikilti lokal la, li reyini fanmi yo chak ete pou kreye bèl souvni sou teren fwa a. Ane sa a, li enteresan pou wè gran ouvèti nouvo bilding FFA a ak envestisman n ap fè nan pwochen jenerasyon agrikilti Nouyòk la. Vizitè yo kapab tou jwi manje ki gen bon gou, atraksyon amizan, epi sipòte ti biznis yo atravè Nouyòk. Mèsi Gouvènè Hochul, Ag & Markets, ak chak machann ki ede fè Fwa a vin yon tradisyon espesyal nan Nouyòk."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Chak ane, Gran Fwa Eta Nouyòk la bay yon opòtinite pou fè eksperyans agrikilti, tradisyon ak inovasyon ki fè eta nou an tèlman espesyal. Nouvo Bilding FFA a se yon adisyon ki byenveni nan Fwa a epi li pral ede montre pwochen jenerasyon lidè agrikòl yo ak anpil opòtinite ki disponib nan endistri sa a. Mwen pa ka tann pou m wè tout nouvo ekspozisyon ak amelyorasyon yo, epi m ankouraje tout moun pou yo vini pran plezi nan Fwa a."

Nouvo Ekspozisyon ak Atraksyon 2026 yo!
Anplis nouvo Batiman FFA la, gen yon pakèt ekspozisyon ak atraksyon agrikòl pou moun wè, tankou yon bann ak yon pakèt tradisyon, tankou Skilti ki fèt ak Bè a, lèt ki byen frèt pou 0.25 dola nan Ba Lèt la, ak yon bon kantite animal. Anplis, pou Fwa 2026 la, vizitè yo ka fè eksperyans plizyè nouvo aktivite enteresan. Konpetisyon Bèf Letye Holstein (Holstein Dairy Cattle Competition) lan, yon konpetisyon popilè pou vizitè yo, ap dewoule dimanch 30 out nan Toyota Coliseum nan, avèk pi gwo prezantasyon li depi prèske yon deseni. Epitou nan Toyota Coliseum nan, vizitè yo pral gen de opòtinite pou yo gade pi pre mond chwal mèvèye a. Samdi 29 out a 10:30 a.m., jèn 4-H yo pral prezante Eksibisyon Atlaj ak Chval Minyati (Driving and Miniature Horse Show) 4-H la, kote y ap demontre konpetans yo nan atlaj ak konpetans manyèl yo. Apre sa, a 5:00 p.m., vizitè yo ka rejwenn jèn 4-H yo pou yon Evènman Edikatif Rankontre Chwal yo pou aprann plis bagay sou bèl chwal ki rete nan Fwa a.

Vandredi 28 out, samdi 29 out ak samdi 5 septanm, timoun yo ap nan mitan sèn nan pou Kiddie Tractor Pull (Konkou Sakaj ak Ti Traktè Timoun) ki ap fèt nan Toyota Coliseum la Apati midi, ti vèsyon sa a nan jwèt traktè a envite jèn moun ki enskri yo pou teste fòs yo epi wè jis ki kote yo ka rale traktè yo nan konpetisyon amizan sa a.

Fwa a ap prezante tou Behind the Halter — ki Selebre Jèn ki Dèyè Bèt Letye Nouyòk la, yon nouvo kanpay dijital ki mete aksan sou jèn ki reprezante pwochen jenerasyon endistri letye Nouyòk la. Kanpay la, ki pral prezante sou ekran toupatou nan etab bèf letye a, pral prezante vizitè yo bay jèn ekspozan ki konsakre plizyè èdtan pou pran swen, prepare epi montre bèf letye yo, pou ba yo yon apèsi sou pasyon ak travay di ki dèyè bèt yo wè nan Fwa a.

Epi pou yon nouvo touch modèn sou tradisyon an, moun ki ale nan fwa a ka vizite Kanpay Pòmdetè Gran Fwa Eta Nouyòk la (The Great New York State Fair Potato Booth) ki fèk re-imajine a, kote pòmdetè anblematik 1 dola Fwa a, ki kounye a jere pa Tully's Good Times an kolaborasyon ak pwogram New York State Grown & Certified (Kiltive & Sètifye nan Eta Nouyòk) Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta Nouyòk la, pral sèvi pòmdetè kwit nan fou ak pòmdetè sale ki fèt nan Fwa a ki selèb anpil la, ki kounye a grandi nan Nouyòk, ak ganiti ki soti nan transfòmatè ki nan pwogram New York State Grown & Certified epi ki fèt ak lèt ki soti nan Eta Nouyòk. Kolaborasyon an rive pandan Pwogram NYS Grown & Certified la ap selebre 10è anivèsè li.

Genyen tou yon nouvo lis ke yo mete ajou sou machann ak pwodiktè ki ap ofri pwodwi pou moun goute epi achte nan Mache Pwovizwa ak Marketplace Taste NY la Anplis de sa, nouvo ane sa a, New York State Tasting Yard la ap ofri yon seleksyon ki pi laj nan klas enfòmasyonèl nan Sal Seminè a. Se pwodiktè bwason atizanal ki soti nan Eta Nouyòk k ap òganize klas sa yo.

Voice of the Farmer Garden (Jaden Vwa Kiltivatè) ap kontinye agrandi pou Fwa 2026 la. Ane sa a, jaden an ap gen ladan tou nouvo jadeb flè koupe pou mete an valè endistri komèsyal flè koupe k ap grandi nan Eta Nouyò la, yon ekspozisyon sou granil lenn mouton yo itilize pou amelyore tè a, ansanm ak yon ti jaden pòm ki plante yon fason ki trè dans.

Fwa a kontinye mete aksan sou agrikilti atravè ekspozisyon ak konpetisyon agrikòl, avèk plizyè jou espesyal dedye pou mete aksan sou endistri a, tankou Jounen Karyè Agrikòl, Jounen Bèf, Jounen Erab, ak Jounen Pwodui Letye, ak retou Jounen Rezen an. Fwa Eta Nouyòk 2026 la pral prezante tou yon varyete nouvo aktivite amizman ak atis pèfòmans premye klas sou sèn amizman li yo. Soti nan yon espektak jimnastik ak akwobasi sou jet ski, ski notik, ak wakeboard ki sanble defye gravite, rive nan bèl chen k ap fè kous, premye prezantasyon The Big Cheese, yon espektak majik ak dròn ki eklere syèl la, rive nan yon nouvo Jounen STEAM ak yon pwogram ki pi laj pou Jounen Fyète LGBTQ+, ansanm ak nouvo konpetisyon manje ak divètisman ki chaje ak aksyon nan Empire Room, Fwa ane sa a pwomèt gen yon bagay pou tout moun. Gade lis konplè nouvo atraksyon yo isit la.

Tout sa a se anplis 41 gwoup anrejistreman nasyonal ki fè pati Seri Mizik Chevrolet la. Konsè ak aktivite amizman sa yo tout enkli nan pri admisyon an, avèk yon sèl tikè admisyon 8 dola ki bay vizitè yo aksè ak yon pakèt ekspozisyon agrikòl, divès chwa manje, ak anpil lòt bagay ankò.

Kèk Enfòmasyon sou Gran Fwa Eta Nouyòk La
Fwa a ap kòmanse mèkredi, 26 out, epi l ap kontinye jiska Fèt Travay la, lendi 7 septanm. Tout konsè yo enkli nan pri admisyon an. Tikè yo disponib kounye a sou sitwèb Fwa a, nysfair.ny.gov. Chaje ak valè, yon tikè admisyon pou yon sèl moun koute 8 dola epi li gen ladan aksè a tout amizman sou teren an ak pwogram konsè prim Fwa a. Anplis de sa, yon opsyon tikè Frequent Fairgoer (Moun ki ale nan Fwa Souvan) disponib pou 25 dola.

Fwa a kontinye rete youn nan fwa ki pi abòdab nan peyi a, antre a rete gratis pou moun ki gen 65 an oswa plis ansanm ak timoun ki gen 12 an oswa mwens.
Fonde an 1841, Gran Fwa Eta Nouyòk la mete an valè sa ki pi bon nan agrikilti Nouyòk la, ofri bon jan kalite divètisman, epi li se yon eleman enpòtan nan kad estrateji CNY Rising eta a pou devlope ekonomi rejyon Nouyòk Santral la gras a touris. Li se pi ansyen fwa nan Etazini epi yo toujou rekonèt li kòm youn nan senk premye fwa eta nan nasyon an.

Kote yo fè Gran Fwa Eta Nouyòk la se yon konplèks pou espektak ak ekspozisyon ki mezire 152 ekta epi ki fonksyone pandan tout ane a. Yo ankouraje odyans yo pou yo aprann plis sou Gran Fwa Eta Nouyòk la sou entènèt, eksplore foto yo sou Flickr, epi swiv amizman sou Facebook, TikTok, ak Instagram.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.